

PREPARASYON POU SIKLÒN

Liy Enfòmasyon sou Èd Eta a bay 1-800-342-3557
FloridaDisaster.org

KONSÈY SOU DLO BOUYI

Fè Dlo ou a Vin Pwòp, Bouyi Li

- Yonfwa dlo a rive nan yon nivo kote li bouyi anpil, kite li bouyi pandan yon minit.
- Bouyi dlo tiyo a menmsi li filtre.

Si Ou Pa Kapab Bouyi Li, Dezenfekte Li

Si dlo tiyo a KLÈ:

- Itilize dlo klowòks ki pa gen sant (ki pa gen sant ajoute).
- Ajoute 1/8 nan yon ti mezi (8 gout oswa anviwon 0.75 mililit) dlo klowòks ki pa gen sant nan yon 1 galon (16 mezi) dlo.
- Byen melanje li epi ret tann 30 minit oswa plis anvan ou bwè li.

Si dlo tiyo a TWOUB:

- Itilize yon twal pwòp pou filtre li.
- Itilize dlo klowòks ki pa gen sant (ki pa gen sant ajoute).
- Ajoute 1/8 nan yon ti mezi (8 gout oswa anviwon 0.75 mililit) dlo klowòks ki pa gen sant nan yon 1 galon (16 mezi) dlo. Byen melanje li epi ret tann 30 minit.
- Si dlo a toujou twoub, ajoute 1/8 nan yon ti mezi dlo klowòks anplis. Byen melanje li epi ret tann 30 minit.
- Si dlo a toujou twoub apre ou fin trete li dezyèm fwa a, jete li epi rekòmanse pwosesis la, OSWA itilize dlo nan boutèy.

Mete dlo a nan veso ki pwòp epi ki dezenfekte.

Preparasyon ak Kuit Manje

Toujou itilize dlo ki pwòp oswa dlo nan boutèy pou:

- Lave tout fwi ak legim yo anvan ou manje yo.
- Fè bwason pou bwè, tankou kafe ak te.

Glas

- Pa itilize glas ki soti nan plato glas, distribitè glas oswa machin glas. Itilize sèlman glas ki disponib nan komès yo jiskaske yo retire Konsèy pou Bouyi Dlo a.

Benyen and Bwose Dan

- Fè atansyon pou ou pa vale okenn dlo lè ou ap benyen oswa lè ou nan douch.
- Bwose dan ou ak dlo bouyi oswa dlo nan boutèy.